

TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 37

ZVAKAVIMBISWA NOA NAMWARI

Kuvimbisa - kana uchizviture nenzira iri nyore unenge uchingoti, *Ndicha*. Kuvimbisa zvinoreva kutaura zvauchada kuzoita. Matorero aunoita zvinhu uchiratidza zvaunoda kuita paunenge uri mune mamwe mamiriro ezvinhu. Sezvo Mwari vari ivo NDICHAVA mukuru. Ndivozve muneramangwana NDICHAVA. Munhu akadzidza nyaya yekuvimbisa kubva kuna Mwari.

Zvinhu zvese zvavimbiswa naMwari ndezvechokwadi. Kwatiri vanhu vimbiso inongova yechokwadi zvichienderana nekuti munhu ari kuvimbisa wacho akatendeka here. Vanhu vakavimbika dzimwe nguva vanoputsa zvavakavimbisa nechikonzero chekuti pavakavimbisa vakange vasina ruzivo rwakakwana kuti vavimbise zvavakavimbisa. Vanhu vasina kuvimbika vanovimbisa kuita zvimwe zvinhu asi vanenge vasingarevesi. Havatokoshesi zvavakavimbisa. Vanotovimbisa kuita zvimwe zvinhu asi vachinyatsokuziva kuti havasi kuzoita zvavari kuvimbisa. Vanoita zvinhu zvine hunyengeri. Pane mazana nemazana panonzi naMwari muBhaibheri *Ndicha*. Mwari havavimbise vaine chinangwa chekusaita zvavanenge vati vachaita. Zvinhu zvizhinji zvavakati vachaita vatozviita kare. Zvimwewo zvitori munzira yekuzadziswa izvozvi.

Muna Genesi 9:8-17 Mwari vakavimbisa Noa zvimwe zvinhu pamusoro pekuti vaizoisa sungano yavo. “⁸. *Ipapo Mwari akati kuna Noa navanakomana vaaiva*

navo, ⁹. Zvino ndava kusimbisa sungano yangu newe uye nezvizvarwa zvako zvinotevera, ¹⁰. Uye nezvisikwa zvipenyu zvole zvakanga zvisinewe, shiri, zvipfuwo nemhuka dzose dzesango, dzose dziya dzakabuda newe muareka zvisikwa zvipenyu zvole zviri panyika . ¹¹. Ndiri kusimbisa sungano yangu newe: zvipenyu zvole hazvichatongoparadzwizve nemvura yamafashamu okuti aparadze nyika.” ¹². Uye Mwari akati, “Ichi ndicho chiratidzo chesungano yandiri kuita pakati pangu nemi nezvisikwa zvole zvipenyu zvinemi, sungano yamarudzi ose ari kuzouya : ¹³. Ndaisa muraravungu wangu mumakore, uye uchava chiratidzo chesungano pakati pangu nenyika. ¹⁴. Pose pandinouyisa makore pamusoro penyika, uye muraravungu ukaonekwa mumakore. ¹⁵. Ndicharangarira sungano yangu pakati pangu nemi nezvisikwa zvipenyu zvole zvamarudzi ose. Mvura haingatongoitizve mafashamu kuti iparadze zvipenyu zvole. ¹⁶. Pose panovekwa muraravungu mumakore, ndichaona ndigorangarira sungano yangu isingaperi pakati paMwari nezvisikwa zvipenyu zvole zvemhando dzose panyika. ¹⁷saka Mwari akati kuna Noa, ichi ndicho chiratidzo chesungano yandakasimbisa pakati pangu nezvipenyu zvole zviri panyika.”

Pano Mwari vakaita vimbiso inotumidzwa zita rekuti sungano. Vakabvuma kuita chimwe chinhu chinotonyatsozivikanwa. Ini ndinofunga kuti vimbiso iyi inofanira kuva panhu panobva tariro yedu. Kuti tiwane tariro chaiyo muvimbiso iyi ngationgororei ZVIKAMU zvayo.

Kunosvika vimbiso iyi kunounza tariro. Mwari vakati kuna Noa, “Zvino ndava kusimbisa sungano yangu newe uye nezvizvarwa zvako zvinotevera.” Ndinoda zvinotaurwa pano nekuti vimbiso yaMwari yakanangana naNoa nemhuri yake. Asi

haina kugumira ipapo. Yakaenderera mberi kusvika kumhuri yevanhu vese nekuti anoti, *“uye nezvizvarwa zvako zvinotevera.”* Rangarira kuti Noa nevakomana vake vatatu nemadzimai avo ndivo vanhu chete vakasara mushure memafashamu emvura nekuti Mwari vakaparadza nyama yose. Ndokubva Mwari vati, *“Zvino ndava kusimbisa sungano yangu newe”* Saka yakanangana naNoa nemhuri yake pachezvavo. Asi yakaitwawo nemhuri yevanhu vese panyika. Nechikonzero chekuti Noa nevanakomana vake vatatu ndivo vana baba vemhuri dzose dzepanyika.

Kunosvika vimbiso iyi ndepasi rino rese nekuti Mwari vakati, *“Ichi ndicho chiratidzo chesungano yandiri kuita pakati pangu nemi nezvisikwa zvose zvipenyu zvinemi, sungano yamarudzi ose ari kuzouya.”* Vimbiso iyi yayitwa kuchisikwa chose chakange chiri muareka. Anotaura shiri nezvipfuwo nezvisikwa zvipenyu zvese nemhuka dzese dzepanyika pano. Mwari vakazvidzokorora. Saka kwaisvika vimbiso iyi ndekuna Noa pachezvake nemhuri yake yese. Saka vimbiso iyi inoburuka pachena kusvika yasvikawo kwatiri yaisanganisira zvose nekuti yaisanganisa zvisikwa zvipenyu zvese zvaive muareka. Mhuka yese yepanyika pano. Saka unoona kuti vimbiso yaMwari pano yanga yakanangana naNoa nemhuri yake asi yozoitawo chikamu chaisanganisira pasi rino rese.

Chinangwa chevimbiso ndechekupa Tariro. Vimbiso inosanganisira zvipenyu zvose. *“Zvipenyu zvose hazvichatongoparadzwizve nemvura yamafashamu.”* Izvi zvinofanira kunge zvichireva mhuka dzose dzisiri dzemumvura neshiri nevanhu. Zvanga zvichisanganisira zvese. Zvisikwa zvese zvichachengetedzwa. Izvi zvinokurudzira handitika? Pane tariro chaiyo chaiyo mazviri. Akaenderera mberi achiti nyika yese ichachengetedzwa. *“Hakuchatongovizve namafashamu okuti*

aparadze nyika.”Hakuchatongovizve nemafashamu anoparadza zvakadai. Tichine mafashamu emvura anoitika munzvimbo dzakasiyana siyana panyika pano. Tine mafungu anoitika mumakungwa. Kune ma *cyclone* anoitika. Kune mvura dzeGore dzinoitika. Kune *tsunami* dzinotika. Asi Mwari vakataura kuti hazvichafukidzwe nemvura sezvayakaita mumazuva aNoa. Hakuchangoitikizve mafashamu anoparadza zvakadai.

Zvakataurwa MuVimbiso iyi zvinopa tariro. Mwari vakati, “*Ndaisa muraravungu wangu mumakore.*” Saka pane makore. Makore tinoudzwa kuti kuungana kwehunyororo hunenge huri muchadenga. Tinogona kubvumirana kuti kusati kwaita mafashamu kwakanga kusina makore. Dr Henry M Morris munhu akaita zvinhu zvikuru munyaya dzeScience. Anotenda iye kuti nyika yese yakange yakapoterredzwa nehunyororo hwemvura yakange yapiswa ikaita chiutsu chakafukidza nyika yese segumbeze saka kwakange kusina zuva rairova nyika mumazuva iwayo. Saka makore anodikanwa kuti vimbiso yaMwari izadzikiswe. Mwari vakati, “*Pese pandinouyisa makore pamusoro penyika.*” Akaenderera mberi achiti, “*Uye muraravungu uyu unenge uri chiratidzo chevimbiso*”. Hongu ndizvo zvavanotaura. Chiratidzo chesungano kuti chitirangaridze. Kutichirangaridze Mwari nesu kuti Mwari vakatendeka uye vachaita zvavakavimbisa kuti vachaita.

Kusati kwave nemakore. Kusati kwave nemirazvo yezuva yairova nyika kuburikidza nemumakore. Hazvaigoneka kuti kuve nemuravungu. Ndizvo zviri kutsanangurwa naMwari pano. Mwari vachaisa muraravungu mumakore. Vana mazvikokota vePhysics vanotsanangura vachiti muraravungu unoitika apo mirazvo yezuva inenge ichipenya kuburikidza nemumvura yemadonhwe ari muchadenga.Kusangana

kwemirazvo iyi yezuva nemadonhwe emvura yemuchadenga ndizvo zvinotipa muraravungu wakanaka une mavara akasiyana siyana. Izvi ndizvo zvakanzi naMwari ndiwo mucherechedzo nehumbambo hwevimbiso yavo. Zvakataurwa pamusoro nemuvimbiso yaMwari chirangaridzo chaMwari kuna Mwari nesu chekuti ndiMwari vakatendeka. Saka isu tinofanira kuyemura zvatikaitirwa naMwari izvi. Rangarira kuti Mwari havavimbise chinhu chavasingagoni kana kuti chavasingazadzikisi. NdiMwari vanochengeta zvavakavimbisa. Pese paunoona muraravungu mumakore unofanira kuziva kuti Mwari vakatendeka. Vanoda kuti iwe pachezvako uzive kutendeka kwavo.